

# POESAKA-SOENDA

DIKALOEARKEUN KOE PAGOEJOEBAN

JAVA-INSTITUUT

Anoe djadi Redactie: Dr. R. A. HOESEIN DJAJADININGRAT,

J. KATS, M. SOERADIRADJA.

TOEDJOEL SERAT: — SALEMBA 28 — WELTEVREDEN

Pangaosna langganan Poesaka-Soenda dina sataoen ti Juli d. k. Juni f 3.—  
 Pangaosna hidji (sadjilid) Poesaka-Soenda, ngagaleuh ngètèng . . . 0.30  
 Pangaos samboeng-lajang (advertentie) dina P. S. sakatja . . . „ 20.—  
 Satengah katja . . . . f 12<sup>1</sup>/<sub>2</sub>, Saparapat katja . . . „ 7.50  
 dina sakali kaloear.

Oepami ngalanggan samboeng-lajang langkoeng mirah.

## Eusina P. S. No. 8

1. Mataram . . . . .	katja	113
2. Sadjarah Talaga . . . . .	„	118
3. Singaparna . . . . .	„	121
4. Tjarios sepoeh . . . . .	„	122
5. Njai Sri . . . . .	„	123
6. Tapa . . . . .	„	125
7. Toetoengkoesan para oejoet . . . . .	„	127
1. Wawatjan babad Galoeh . . . . .	„	128

### Mataram.

Koe sadaja parantos kaoninga, jèn tanah Pasoendan iwal Banten, samèmèh kaerèh Koempeni anoe ditèma koe pamarèntahan ajeuna tèh, baheulana mah ka-

bawah koe Mataram. Nadjan teu sakoe-maha lamina Soenda ditjepengna koe Mataram, tapi ningal di tahapan para mènakna, sèsa harita tèh tapak-tapakna njèda toeg tepi ka kiwari, pada hal ngan oekoer moclochan taoen oerang aoeb ka Djawa tèh, teu windoe-windoe atjan, nja èta dina wiwitan windoe ka toedjoeh welas.

Malah noemoetkeun panaloengtikna anoe tarabah kana sadjarah mah, lamoen hadè arèk tjoewih gelewèh tèa mah, henteu henteu atjan keuna atawa ninggang kana basa *dierèh* atawa *diparèntah* ogè, oerang koe Mataram tèh, teu tjara ajeuna, da nja èta ngan oekoer toegoer ka Mataram para dalemna, Boepati ngintoen oepeti. Moenggoeh oerang lemboer, anoe ilahar dingaranan tjatjah tèa, pèdah ngan maranèhanana harita mah anoe sok dibi-

lang, nja teu mantra-mantra ka Djawa, tetep baé rasana koemawoela ka anoe dja-di kapalana, henteu oedar tina njembah ka bangsana. Ningal ka dinja, keukeuh pageuh moenggoehing di anoe leutik mah, asa dirasanan Padjadjaran, kakoeroeng koe hæabna anoe moerba di Pakoean alam madeg radja saheulaeun éta.

Tapi kitoe deui, oerang pedar baé di dieu salsilah sareng babadna radja anoe baheula geus diaké maréntah Soenda tèa, keur tawis sotja, sareng oelah kawaranan koe bédja anoe njarita dina wangkonggan ngawajangkeun pamaréntahan baheula tèa.

Sakoemaha anoe parantos kaengel dina P.S.N. 6. ngawitanana Soenda kawengkoekoe Mataram tèh, alam Soeltan Agoeng naloek-naloekkeun sakoeliah Djawa, dina wiwitan windoe ka 17, nja éta lantaran koe pangersana anoe djaradi Boepati Soenda harita.

Soepados kaoeninga toetoeranana, ajeuna oerang papaj, saha ari Soeltan Agoeng tèh?

Soeltan Agoeng tèh djenenganana anoe enja, Radèn Mas Rangsang, ari nelahna harita Praboe Pandita Tjokro Koesoemo, anoe katjeloeuk binangkit radja pinandita toekang tapa, njepengna karadjaan ti taoen 1638 doegi ka taoen 1645. Ti samémèh andjeunna ngadeg radja, parantos njepeng kakawasaan, margi djadi wakil sadèrèkna, anoe djenenganana Soenan Marto Poero anoe harita henteu iasa ngaheujeuk nagara lantaran woewoedon, salamina dipoeoek kasawat, ari ngastana karadjaan nja éta ti taoen 1613 dongkap ka poepoesna dina taoen 1638, ti dieu nembè ditèma koe Raden Mas Rangsang tèa.

Doepi ieu Soeltan Agoeng tèh poetra Raden Mas Djolang anoe katelah Panembahan Krapjak (1601, d. k. 1613).

Panembahan Krapjak poetrana Panembahan Senopati anoe tadina djenenganana Mas Ngabèhi Soetawidjaja (1575 d. k. 1601).

Ari Panembahan Sènopati poetra Kiai Gedèng Pamanahan, anoe sapanelos mabakan di Mataram, katelah Kiai Gedèng Mataram.

Nja ieu Kiai Gedèng Pamanahan, anoe djadi poepoehoenan radja-radja Mataram tèh, nja andjeunna anoe ngababakan Mataram, ti asal leuweung geledegan nepi ka djadi nagara.

Saha ari Kiai Gedèng Pamanahan tèh?

Tah ieu rèa tjaritana rèa dongèngna, geura mangga oerang dadar anoe perloena, mapaj raratan ti ditoena pisan, noemoetkeun oengeling babad saroepe-saroepe, da rèa soengapanana anoe pada-pada baroga raratan sorangan.

I. Katjarioskeun Kangdjeng Radja Madjapait djoedjoeloek Praboe Brawidjaja, anoe kagoernita ratoe agoeng palamarta moerba di sanoesa Djawa. Dina hidji mangsa Kangdjeng Radja ngangloeh teu damang wales, geus njamarkeun andjeun kana iasa waloeja deui, doekoen-doekoen dikeloen para paradji dikerid ditimbalan ngalandongan, tapi kasawat teu aja pisan mendingna, anggoer woewoeh tambah ripoeh. Kangdjeng Radja sakalintang sesah manah ras kana kasawat salira, rèh toembal taja noe mental, parantjah taja noe matih.

Toengtoengna tjoel ngantoen haliah lahir, tek manteng moentang ka Pangèran, soemerah ngambangkeun kersa Kang Maha Soetji, siang wengi ngisat raraga di sanggar, tara loengsoer loengsoer atjan. Tina bangeting tjengeng pamoentang, aja pitoeloenging Jang Widi, kaleresan dina hidji wengi, antawis koelem djeung tanghi, Kangdjeng Radja ngimpèn njata, kè nging wangsiting Goesti, raos aja anoe soemping, galantang maparin pitoedoeh, jèn andjeunna kedah sapatemon sareng hidji istri *Wandan*.

Satoetasna ngimpèn kitoe, korèdjat tanghi ladjeng loengsoer ti sanggar, loemebet ka padaleman. Ari anoe diseboet istri *Wandan* tèa, tjeuk sakaol oerang Poelo Banda atawa Ambon, anoe ramboetna galing kiriting, ari tjeuk sakaol deui, magah istri koelit boelè semoe bodas baé teu di sebat bangsana.

Enggalna Kangdjeng Radja nimbalan ka Patih koedoe ngaboektikeun istri pitoembaleun kasawat, sakoemaha anoe kaengel dina impènan tèa.

Kawantos timbalan Ratoe, satoedoe metoe saketjap njata, nja teu lami ogè sajagi, ènggal disanggakeun ka karaton.

Kersana Noe Maha Soetji, tetèla sapiroedoe impènan tèa, dadak sakala Kangdjeng Radja damang deui tjara baheula bihari, waloeja teu sakara-kara.

Katjarios istri Wandan tèa ladjeng ngandeg. Saparantos èta istri bobot, tjeuk sapalih koe Kangdjeng Radja ditimbalan ditelasan ka Ki Ageng Sora, bangsa mènak di padèsan, tina ngaraos lingsem nepi ka poetraan ti istri loeloemajaan, ngan Ki Ageng Sora teu tèga. Nji Wandan disoempoetkeun; ari tjeuk sakaol deui mah henteu, malah doegi ka ngowona di karaton, ngan sanggeus babar ladjeng disèlongkeun (dititipkeun) ka Ki Ageng Sora tèa. Eta moerangkalih poetra tilas nekanan toembal tèa di djenenganan BONDAN KADJAWAN, hartina poetra ti istri Wandan terah Kadjawan.

Lami ti lami moerangkalih tambah ageung moeloes taja koetjiwana, salira morontod boga wanda terah radja, tetep dirorok koe Ki Ageng Sora tèa, ageng di padoekoehan nalaktak sakahanan boedak.

Barang parantos sawawa tina motèkar katarik kaloehoenganana, koe Ki Ageng Sora dipasantrènkeun ka Ki Ageng Taroeb, soepaja kènging piwedjang sina goeroe agem-ageman kasampoernaan, dibaroeng atikan kasatriaana. Ti wangkid harita Bondan Kadjawan katelah Ki Djaka Taroeb.

Dina hidji dinten Ki Djaka Taroeb (Bondan Kadjawan) ningali koewoengkoewoeng melengkoeng di langit, sarta ana rèt ka talaga, andjeunna kagèt tanpa wilangan, rèh kawènèhan ningali para Widadari keur siram itjikiboeng soekansoekan.

Djaka Taroeb èmoet kana tjarios anoe parantos kadangoe, ènggalna ngetejep angkat moeroe panganggo para widadari tèa, sarta teu antaparah deui kerewek koe andjeunna ditjandak hidji. Para Widadari birat pating djarerit bawaning kagèt, nangèn jèn aja djelema noe ngintip, paheula-heula njarandak panganggona, sarta bioer baè haliber.

Nanging anoe sindjangna geus beunang koe Ki Djaka Taroeb tèa mah ngan bati nangis, wirèh teu iasa moelih ka kajangan, da panganggo geus aja di leungeun djalma, sarta teu madjar koemaha kapaksa andjeunna pasrah salira, koemawoela ka djadjaka bangsa manoesa. Eta Widadari djenenganana NAWANG-WOELAN, ladjeng bae dianggo garwa koe Bondan Kadjawan, nepi ka kagoengan poetra anoe didjenenganan Nawangsih. Dina babad wedalan Banten, ditjarioskeun jèn Bondan Kadjawan ti widadari tèh kagoengan poetra pameget anoe djenenganana *Pangdjoe-wed* atanapi anoe sok disebut ogè *Pandjawi*.

Lami ti lami Widadari Nawangwoelan maroedah manahna, èmoet kana kamoeljaan salira nalika masih rioeng moengpoe loeng sareng para Widadari di sawarga loka, nja nadjan ajeuna andjeunna keur loeloes roentoet bèrès roès djeung tjarogè ogè, teu boeroeng moendoet moelih, lantaran dipalèr-palèr teu daèk palèr. Toengtoengna Nawangwoelan waktja jèn baris moelih, sarta ngaririhan ka raka, kedah ènggal garwaan deui ka papada koepoena, tina andjeunna mah taja petana pilanaeun ngoembara di alam pawenangan, siang wengi njojèang ka geusanna asal.

Bondan Kadjawan henteu iasa ngorètkeun djeung moal moengpang kana sakahojongna Nawangwoelan, ngan sakalian moendoet pigantieunana tèa.

Widadari Nawangwoelan geus oeninga jèn aja hidji istri poetrana Kiai Ageng Sèsèlo, anoe piloeloeseun kana nèma andjeunna rangkep sareng Ki Bondan Kadjawan, ènggalna rakana dipangnanjaankeun, nepi ka hasilna.

Sadjengkarna Nawangwoelan, proek Bondan Kadjawan rëndèngan ka poetri poetra Ki Ageng Sèlo tèa, nja kagoengan poetra ti dinja pameget hidji anoe djenenganana Ki Ageng Pamanahan tèa.

Doepi poetra anoe ti Nawangwoelan anoe djenengan Ki Pandjawi tèa, da dikantoen koe iboe, nja ditjandak ka iboe kawalonna baè koe Bondan Kadjawan.

Ki Pamanahan sareng Ki Pandjawi dirorok koe èjangna, diwoelang tata-titi ka-

perdjoeritan, ageman kasatriaana, piloeangeun oepama enggeus arageung, sangkan ariasa matjakal noeloejkeun galoer karoehoen anoe koe andjeunna teu kaboe-djeng karandapan.

Barang eta doea moerangkalih geus arageung, sarta katimbang koe ejangna geus meudjehna ingkar ti padésan, ladjeng kaperih koedoe koemawoela ka radja, geusan nenganan marga lantaran kana kameuljaan salirana, sangkan iasa nema warisan ti loeloehoerna. Harita ramana eta moerangkalih, parantos poepoes. Koe margi eta Ki Pamanahan sareng Ki Pandjawi disanggakeun koe ejangna ka SOELTAN PADJANG.

Dajeuh Padjang pernahna Koelon Kidoel ti dajeuh Solo ajeuna, tebihna kintenkinten 3 pal ti kota, baheulana nagara hardja toer kerta. Ari anoe djadi narpati nja eta anoe kawentar gagah rongkah kasasihna DJAKA TINGKIR tea, pedah keur moerangkalihna dirorok koe Nji Randa di lemboer Tingkir. Ari djenenganana noe enja mah RADEN MAS KEREBET.

(Salsilah sareng toetoeranana Djaka Tingkir tingali di pengker).

Ki Pamanahan sareng sadereknana katjida kaanggona koe Kangdjeng Soeltan, tina asak ngadasaranana tadi keurna baroerej keneh tea, toeroeg-toeroeg katingali dina wanda salirana ebreh, satingkah saporipolah lain djalma djore-djore.

Awitna mah eta anoe doea djadjaka teh nja ngarentjang biasa baè di Kangdjeng Soeltanna teh, tapi lami ti lami lantaran katingali kasatriaana sareng katoehoeana, beuki tambah kadeuheus nepi ka didamel tangan-tangan karadjaan, ngahiras djadi pamanggoeling djoerit, ngaping Kangdjeng Soeltan siang wengi.

Tah, kitoe salsilahna wedalan soengapan Sadjarah Banten mah; tapi nja eta sa-koemaha anoe parantos ditjarioskeun tadi, bet pada-pada tea, ieu teh soelaja sareng wedalan Djawa. Kieu ari anoe awit ti hoeloewatan Djawa mah, salsilahna Ki Ageng Pamanahan teh:

Kangdjeng Preboe Brawidjaja Ratoe Madjapait kagoengan poetra sadajana 8, nja eta:

1. Istri djenenganana Ratoe Pembajoen.
2. Aria Damar, anoe didjadikeun Radja di Palembang.
3. Raden Patah, anoe ngadeg Soeltan di Bintara (Demak).
4. Lemboe Peteng.
5. Batara Katong.
6. Bondan Kadjawan, poetra ti istri oerang Banda tea.
7. Djaran Panolih.
8. Raden Goegoer.

Nalika Bondan Kadjawan dibobotkeun, nja eta dina mangsa iboena ngandeg, (katrangan pang Brawidjaja poetraan ti ieu Nji Bondan mah, sami baè pada disebatkeun tilas landong kasawat abot tea), Kangdjeng Radja ngimpèn aja moerangkalih anoe ngareboet makoeta karadjaan anoe keur dianggo koe andjeunna. Barang dimoesawarahkeun ka para pandita para adjar anoe waratjis lalepoes, nja kenging katrangan jèn kinten-kinten 8 atawa 9 taoen deui lamina, Kangdjeng Radja bakal aja anoe ngalindih, sarta karadjaan baris kareboet. Dina panjangka para pandita sareng katjotjogan koe pangira para adjar, geus moal boa eta anoe kagoengan galagat anoe kaimpèn koe Kangdjeng Radja teh, tangtoe moerangkalih anoe harita keur dibobotkeun keneh. Koe margi kitoe panoedoehan anoe lalepoes, koe Kangdjeng Radja parantos diadjam jèn dimana geus medal sarta memèh tepi kana joeswa 8 taoen baris ladjeng ditelasan.

Barang eta moerangkalih parantos dibabarkeun nja didjenenganan Bondan Kadjawan, sok koe Kangdjeng Radja dipaparinkeun ka Ki Boejoet Masahar, soepaja eta moerangkalih dipiara heula, engkè dimana geus joeswa 7 at. 8 taoen kaka koedoe dipaèhan.

Tapi Ki Boejoet Masahar anoe ngarorok eta moerangkalih ti orokna, kabeulit koe asih katalian koe njaah, geus teu asa ka anak poeloeng, komo ari pamadjikana mah, kanjaah taja hinggana, taja petana tepi ka tega maèhan boedak anoe geus sasat djadi anak, malah ana ras inget

kana sakoemaha baris pinjerieunana, lamoen geus ninggang di mangsa kapaksa koedoe misah ti anoe sakitoe dipikaasihna, sok lenggerek baè nini Boejoet mah kapàhan. Koe sabab èta manèhna teu kandat ngoemaha ka salakina soepaja neangan djalalan tarèkah noe piloeloeseun.

Ki Boejoet Masahar kapaksa rèk baha kana timbalan radja, tina manèhna ogè teu ngindjeum kanjaah ka anak koekoetna tèh, sarta sanggeus koe manèhna di-beuweung dioetahkeun, dek baè sasadiaan, moepoe djagong ngala katjang arèk sèba ka karaton ,bari sakalian dadakoe oendjoekan ka Radja jen boedak koekoetanana, Ki Bondan Kadjawan tèa geus dipaèhan.

Tapi .... teu kanjahoan deui Ki Bondan Kadjawan ngitjlik noetoeurkeun pandeuri, sarta barang datang ka padaleman, ngan boes baè manèhna mah ka tempat gamelan kaboejoetan anoe ngaranna Ki Sekar Dalima. Sabot Ki Boejoet keur ngaboeih oendjoekan ka Radja, ngan tjelengkoeng-tjelengkoeng baè Ki Bondan nabeuh gamelan Ki Sekar Dalima tèa. Atoeh di nagara goejoer tagiwoer, boedak tèh pada ngaraponan ditenheuskeun ka Kangdjeng Raja.

Ki Boejoet bèak wirasat reuwas djeung sieun, oendjoekan ka Kangdjeng Radja, njoehoenkeun sih hapoeten rèh èta boedak nalaktak tèh anakna; atoeh Kangdjeng Radja teu pati bendoe, ngan didawoehkeun jèn èta boedak kawas aja pi-bakaleunana, koedoe dipasrahkeun ka Ki Gedèng Taroeb, sarta sok koe Kangdjeng Preboe Brawidjaja dipaparin pakarang soepaja èta boedak engkèna bisa djadi pradjoerit, noe matak koedoe dipe-rih sina diadjar ti boeboedak.

Koe Aki Boejoet Masahar toeloj baè Bondan Kadjawan dianteurkeun ka Taroeb sina masantrèn tèa.

Barang Bondan Kadjawan geus ageung nja dipoeloeng mantoe koe K. G. Taroeb, ditiltahkeun ka poetrana anoe ti widadari Dèwi Nawangwoelan, anoe djenengan Ratna Nawangsih.

Bondan Kadjawan loeloes roentoet djeung garwana, sarta sanggeus K. G. Taroeb poepoes, nja andjeunna anoe ngagentos kaloenggoehan mertoeana.

Bondan Kadjawan ti Dèwi Nawangsih kagoengan poetra doea, pameget hidji istri hidji. Anoe pameget djenenganana Ki Getas Pendawa.

Ki Getas Pendawa poepoetra Ki Ageng Selo.

Ki Ageng Selo kagoengan poetra Ki Ageng Nis.

Ki Ageng Nis apoepoetra Ki Ageng Pamanahan; sareng kagoengan alo (soean) deui èta Ki Ageng Nis tèh djenenganana Ki Pendjawi, anoe djadi sasama poetrana.

Ki Ageng Pamanahan kagoengan garwa ka sadèrèk misan, poetoe Ki A. Sèlo kènèh, nja èta sadèrèk Ki Pendjawi tèa. Djadi K. A. Pamanahan ka Ki Pendjawi tèh adi beuteung.

Ki Ageng Pamanahan sareng sadèrèkna njanggakeun salira ka Soenan Kali Djaga, nja koe andjeunna dipasrahkeun ka Soeltan Padjang.

Poetra Ki Ageng Pamanahan dikoeoet koe Kangdjeng Soeltan Padjang, nja nelah disebat Radèn Ngabehi Saloring Pasar, nja ieu anoe engkèna disebat Panembahan Senapati tèa.

Ari ladjengna sami sareng anoe tadi baè disebatkeun jèn Ki A. Pamanahan sareng Ki Pendjawi pada ngabdi ka Soelan Padjang.

Kadjabi ti ieu, aja kènèh katrangan sannès papajan Ki Ageng Pamanahan anoe ngaroendajkeun radja-radja di Mataram tèh, tapi moal ditataan sadajana, sakitoe ogè parantos tjekap.

Ajeuna oerang papaj koemaha asal moeasalna pang Ki Ageng Pamanahan kènging tanah Mataram malah djenenganana ogè kapan digentos djadi nelah Ki Ageng Mataram; ieu perkawis nja oerang kedah njoektjroek heula babad Padjang Kieu tjariosna:

Parantos kaoeninga koe sadaja jèn anoe djadi radja Padjang tèh djenenganana Djaka Tingkir mantoe Rd. Patah Soeltan Demak anoe parantos ngaroentagkeun Madjapait.

Èta karadjaan Padjang diadegkeunana koe Djaka Tingkir kira-kira dina taoen 1503, saroentagna karadjaan Demak.

Karadjaan Demak ngadegna koerang-

leuwih ngan 100 taoen, sarta ngalaman disoeltanan koe tiloean, nja èta mimiti Rd. Patah, digentos koe poetrana djenengan Pangeran Sabrang Lor, sarta sapoeoesna ieu ditema koe sadèrèkna anoe djenengan Pangèran Trenggono. Soeroentagna Demak ditèma koe Padjang.

Karadjaan Padjang mangsa harita keur meudjehna hédjo lèmbok moerah sandang moerah pangan, nagara woewoeh lami woewoeh ramè, sarta mèh sakociah Djawa pada soemoedjoed ka Kangdjeng Soeltan, kadjabti ti ... **ARIA DJIPANG.**

Ngan Aria Djipang njalira anoe teu kersa njembah ka Padjang, geus soemawonten koemawoela tèa, dalah koe degna Djaka Tingkir ngadeg narpati ogè, djadi Adji di Padjang, moenggoeh Aria Djipang mah teu pandoeuk teu sapoeuk teu soedi-soedi atjan. Sareukseuk sotjana Aria Djipang ningali Mas Kerebet madeg nalèndra, raos panas ngentab galih, rotjop asa ditjotjogan, siang wengi teu aja deui anoe djadi galih ngan hojong ngalindih Padjang, ngaboerak-barik Djaka Tingkir. Taja petana geusan iasa tibra manah, Aria Djipang tèh, lamoen Padjang teu atjan koebra kaprabon kadjabel koe anandjeunna.

Naon margina anoe mawi kitoe ?

Tah ieu kedah kaoeninga heula, djadi ajeuna saè oerang njimpang heula kana toetoean babad Bintara atawa Demak.

Soepados teu patjorok ngarah teu matak baliwet, ajeuna oerang papaj raratanana hidji-hidji.

1. Saha ari Djaka Tingkir, anoe djadi Soeltan Padjang tèh ?
2. Naha naon margina noe mawi Aria Djipang sakitoe ngageremetna ngetek-ngetekna ka Soeltan Padjang, nepi ka hojong ngalindih teu kersa karehè, naha saha ari Aria Djipang tèh ?

Engkè satoetasna moeka ieu, nembè oerang tiasa tatas kana tjarios anoe bras ka K. G. Pamanahan.

#### DJAKA TINGKIR.

Tjeuk sakaol salsilah Djaka Tingkir tèh kieu :

Kangdjeng Preboe Brawidjaja panoe-

toep kagoengan poetra dalapan. Anoe ka hidji istri djenenganana Ratoe Pembajoen, sareng saladjengna tingali di loehoer.

Poetra Brawidjaja anoe pangagengna, Ratoe Pembajoen tèa, kagoengan tjarogè ka Dipati Pengging djenenganana Andaja Ningrat, ieu kagoengan poetra doea, noe ka hidji djenenganana Kebo Kananga, anoe ka doea Kebo Kanigara.

Kebo Kananga apoeoetra Mas Kerebet alias Djaka Tingkir tèa.

Ari tjeuk sakaol deui kieu :

*Aja samboenganana.*

### Sadjarah Talaga.

Talaga tèh hidji distrik di wewengkon apdèling Madjalengka karesidenan Tjirebon. Baheulana pisan mah di dinja tèh karadjaan anoe agrèng naker nja èta karadjaan Talaga, bédjana. Rèa kènèh ajeuna ogè kolot-kolot oerang dinja anoe arapa-leun kana dongèngna, tapi lain ari sadjarah anoe beunang ditjekel mah. kawasna naon oekoer ninggang kana tiarita atawa sasakala baè. Kieu dongèngna :

Baheula, djaman Talaga madeg nagara, anoe djadi ratoena kakasihna Soenan Talaga Manggoeng, kongas ratoe gagah rongkah, sabar adil palamarta.

Karatonna ajana beulah ti kalèr, èstoe moeroeb moebjar lir di kadèwatan, tina agreng djeung resikna.

Katjarioskeun Kangdjeng Radja kagoengan poetra doea anoe tjikal pameget, djenenganana Radén Pangloerah, anoe boengsoe istri, djenenganana Njai Poetri Simbarkantjana.

Poetra pameget anoe digadang-gadang baris pimangkoeun kadaton ngagentos rama, teu kira-kira dienodna, èstoe dipoes-ti didama-dama. Siang wengi didjaring koe resi-resi, diasoe koe para wikoe, malah geus prak diwoelang kasaktian kagahan, ageman para nalèndra baheula.

Radén Pangloerah èstoe pikajoeng-joeneun, keur kasép téh katambah djeung soemoedjoed ka sepoeh toemoet kana woeroek goeroe, tjalakan lantjar panalar, bablas sagala adjian. Barang parantos sawa-

wa andjeunna diperih kedah tatapa, njam-poernakeun soemerepma toetoengkoesan kalboe, toemoet lakoe para loeloehoerna. Nja ladjeng andjeunna tatapa di Goenoeng Bitoeng, dina patapan tilas éjangna. Lamina tapa di dimja kénging toedjoeh taoen toedjoeh sasiih.

Katjarioskeun Sang Poetri Simbarkan-tjana barang parantos toeroen-amis-tjae, ladjeng tjarogéan ka ménak anoe ngadon ngoembara ka Talaga; sarta teu lami teras baè koe Sang Radja mantoena diangkat djadi Papatih njepeng kawasa ngaheujeuk nagara.

Kangdjeng Radja asih liwat saking ka mantoe, raos teu leungiteun koe poera anoe keur tatapa tèa.

Radèn Patih boemèn-boemènna rada anggung ti kadaton, nja éta di Palémbang-goenoeng, moen ajeuna pernahna di tjaket désa Tjikidang.

Doepi margina pang Radèn Patih teu kersa rioeng moengpoeloeng di tjaket karon, kawas aja émoetan noe lain-lain, nja éta bèngkok sembah belang bajah, dipiasih njolowèdor hojong ngalindih kakawasaan ramana, tina rêmpan inggis koe bisi, sieun katèlèr-tèlèr koe sadèrèk, moal iasa toemaninah, raos aja anoe mapalanganan teu loegina lamoen masih aja kènèh mertoea.

Radèn Patih siang wengi nèangan akal tarèkah geusan ngalaksanakeun kahjongna.

Anoe parantos kaileng koe andjeunna jèn bakal beunang diadjak sarasiah, nja éta hidji mantri anoe ngaran Tjitrasinga.

Doepi anoe kaerong koe Tjitrasinga pidjalaneunana taja lian ngan koedoe sakolah-sakolah sakait djeung Ki Tjentang barang, loerah gandèk di kadaton, anoe tara anggung ti radja, sarta noe awas kana rasiah-rasiahna, da taja petana ari ditaragal dihalag-hagal mah kawantoe radja gagah rongkah.

Ki Tjentang barang geus biloek kaeurad koe Radèn Patih kabèngbat koe pangbibita, kagendam koe pangroeroeba, sarta sanggoep ngaroeboehkeun Ratoe, anoe koe manehna geus katjekel permatina.

Dina timbangan Ki Tjentangbarang, moal iasa loegina manah Radèn Patih, nadjan tinekanaan djadi radja ogè, lamoen masih aja kènèh Radèn Pangloerah mah; koe sabab éta sanèmèh nelasan Radja, kadèn Pangloerah anoe keur tatapa tèa koedoe diheulakeun ditigas mastakana.

Saparantos asak pasini, broel tiloeanana ngadjoegdjoeg ka Goenoeng Bitoeng arèk nelasan anoe keur tatapa. Tapi anèh pisan, nadjam dihaben disaksrak ditarèangan wèlèh henteu kapendak. Tina tètèrna boeroeboeroe bae anoe tiloean maroelang deui ka nagara, da dina panjangkana geus moal salah Radèn Pangloerah geus poepoes di-hakan maoeng.

Ki Tjentangbarang teu talingeuh beurang peuting taki-taki baris metakeun tjis keur nodjos Sang Radja, tinggal nganti nganti dawoeh dimana pimangsaeunana.

Katjarioskeun wengian Radèn Patih keur goenem tjatoer djeung Ki Tjentang barang tèa, Kangdjeng Radja ngimpèn ma-koetana anoe keur dianggo disamber koe alap-alap, dibawa ngapoeng ka awangawang.

Ti sanggeus ngimpèn kitoe Kangdjeng Radja mesoem ngoengoen, henteu kendat ngamanahan ilapat impènan anoe sakitoe awonna.

Dina hidji dinten Kangdjeng Radja loengsoer ti kadaton diiring koe oepatjara goelang-goelang diasrèk koe parekan selir badè ngaledjar galih angkat moeter-moeter dajeuh, sakoemaha adat biasa.

Ki Tjentangbarang tjaringtjing ngaheumpik tjis megat di djalan anoe baris kalangkoeng koe Kangdjeng Radja.

Barang lar Kangdjeng Radja ngalangkoeng, gedjos baè pahana beulah ti kiwa, palebah permatina tèa ditotog koe tjis, sarta sapada harita Ratoe ngoedoepoeng kapisanan. Atoeh ger baè goejoer tagiwoer istri-istri pating djarerit pating kotjèak narangis, Kangdjeng Ratoe dipajang ka padaleman.

Kersana Kang Maha Soetji barang les Soesoenan Talaga Manggoeng poepoes, les baè karaton sapangeusina leungit tan palebih, ilang tan pakarana, sarta salin djinis oeroet padaleman djadi talaga, tjaina ma-

jampak lega, anoe nelah tepi ka kiwari di-seboet Sangiang tèa.

Si Tjentangbarang haroong bengong ngaheujeukan tjis di sisi talaga, sarta bakating koe bingoeng djeung kadoehoeng, ngan kerewes baè ngègèlan awakna datang ka radjèt, hos paèh di dinja. Ari tjis oeroot notog Kangdjeng Radja tèa, toeloj djadi di sisi èta talaga, nja ajeunana djadi hoè talaga anoe katjeloeuk kamatihanana tèa.

Katjarios Simbarkantjana barang ngadangoe ramana poepoes koe Ki Tjengtangbarang, kotjèak nangis maratan langit, ngaboedjeng ka padaleman; nanging barang bèh karaton geus djadi siteo, rampoejoek baè salira loengsè, henteu kendat sasambat ka iboe rama. Koe tjarogèna dileledjar sangkan palèr dikaièng ditjandak moelih ka boemi.

Radèn Patih tjarogè Simbarkantjana boengayang manah, wirèh laksana nja pasedjaan, teu lami ladjeng baè ngadeg radja ngagentos mertoeana, sarta Ki Tjitrasinga diangkat djadi papatih, ngapalaan para ponggawa sadaja.

Saparantos ngadeg radja anjar, di nagara Talaga djadi werit rèa paling, tina anoe djadi radja teu pisan kersa ngoeroes nagara, ngan woengkoel ngagoegoeloekeun kasockaan, tjoerak-tjoerak borak-borak, selang-selang oedjoengan ngadoe djelema.

Saboeni-boenina noe iri, nja lami-lami mah katoengtik kadengkianana ratoe anjar, Simbarkantjana oeninga, jèn pang Si Tjentangbarang boga lakoe kitoe tèh, kalawan parèntah rakana. Atoeh Simbarkantjana njoengkelit galih, njeri koe doea koe tiloe, genes rèh ramana dikaniaja teu toea teu dosa, ngangres ningali pangeusi nagri nepi ka geus sakitoe roeksakna, tjoea ningali taladjak raka. Siang wengi teu kendat ngamanah hajang males pati ka anoe djoelig.

Kaleresan dina hidji dinten Kangdjeng Radja moendoet dipoendajan ka garwa, atoe Simbarkantjana asa mobok manggih gorowong. Barang rakana geus ngagèlèhè èbog dina pangkonanana, teu tata pasini deui koesiwel andjeunna njaboet patrem koetjiwek baè rakana ditoebles, harita kènèh poepoes teu koengsi dipindo.

Sapoepoesna tjarogèna, Simbarkantjana ènggal ngahatoeranan Bagawan Garasiang sadèrèk ramana sarta dikoemahaan saha anoe koedoe djadi radja di Talaga.

Koe Bagawan Garasiang didawoènkeun jèn samèmèh Radèn Pangloerah loengsoer mah, moelih mentas tatapa tèa anoe kedah djadi radja tèh nja Simbarkantjana baè heula, sarta harita kènèh nimbalan mage-laran ngèmbarkéun jèn Simbarkantjana djadi radja di Talaga.

Sigeg anoe nembè ngadeg narpati, katjarios itd. Pangloerah geus djedjeg tapana di Goenoeng Bitoeng, ladjeng loengsoer arèk moelih ka nagara. Barang soemping ka hidji pasir niis heula di dinja, noe mawi èta tempat diseboet Paniis tepi ka ajeuna, andjeunna sindang ka hidji saoenng anoe bogana aki-aki djeung nini-nini.

Aki-aki oendjoekan ka anoe nembè loengsoer mentas tapa njarioskeun kaajaan di nagara, ditètèk ti awit Simbarkantjana kagoengan tjarogè nepi ka karaton djadi talaga.

Radèn Pangloerah nangis bawaning koe sedih èmoet ka iboe ka rama, sarta nimbalan ka aki koedoe oendjoekan ka Kangdjeng Ratoe ngoeningakeun jèn andjeunna geus medal ti pangtapaan.

Barang Simbarkantjana ngadangoe pi-oendjoek aki, pahiboet nimbalan njajagikeun tandoe djoli samaktana, sarta teu lila broel Ratoe djengkar mapag sadèrèkna. Dina gokna tepang Rd. Pangloerah sareng Simbarkantjana sarta rangkoel nangis pa-oengko-eoengko-e èmoet ka iboe ka rama.

Tjisotjana moeroeboet kana batoe moenggah ngoemplang, tepi ka ajeuna aja kènèh batoena legok, sarta tjaina anoe njangkroeng di dinja, koe oerang dinja sok diparakè oebar.

Sasoempingna ka nagara, Radèn Pangloerah teu kersa djadi radja, ladjeng baè masrahkeun karadjaan ka raina. Awitna mah Simbarkantjana henteu kersa, tapi tina dipaksa nja teu madjah koemaha, moeng aja tandjakanana jèn ti wangkit èta salamina anoe djadi ratoe di Talaga kedah istri.

Radèn Pangloerah mah teu lami deui di nagara tèh, tina teu kiat nandang soeng-



kawa èmoet ka iboe ka rama, ladjeng baè ngahiang.

Koe margi kaleleban koe sadèrèk, kanjeri katilar iboe rama atjan poelih, toengtoengna brek Simbarkantjana teu damang. Andjeunna ngadamel saèmbara: Saha-saha anoe bisa ngalandongan kasawatna baris dianggo tjarogè.

Ki Tjatrik Kabingbat anoe nampi dawoehan, ènggal ngembarkeun èta saèmbara, nakol bendè di aloen-aloen.

Katjarios Adjar Koetamanggoe soemping ka nagara kersana rèh ngalandongan radja. Dadak sakala Simbarkantjana damang, atoe ladjeng baè rèndèngan.

Ti Ki Adjar Koetamanggoe kagoengan poetra toedjoeh, hidji istri, genep pameget. Anoe istri djenenganana Nji Ratoe Paroeng, nja andjeunna anoe ngagentos iboe-na mangkoe kadaton Talaga. Ari anoe pameget nja èta: 1 Soenan Tjihaoer, 2 Soenan Koentoel Poetih, 3 Soenan Kerokbatok, 4 Soenan Boengboelang, 5 Soenan Tegaltjae djeung anoe ka 6 Soenan Kasorogok anoe linggih di Pandjaloe.

Nji Ratoe Paroeng kagoengan tjarogè ka Radén Ranga Mantri mènak poetra Padjadjaran, kagoengan poetra opat pameget sadajana, hidji Soenan Wanapeurih, doea Dalem Loemadjang, tiloe Soenan Haerkoening, opat Oemboel Oearkahot.

Koe margi teu kagoengan poetra istri, Talaga pegat roendajan, henteu aja pira-toeunana noe pinoeloejkeuneun mangkoe kadaton, nja lami-lami mah doegi ka roentagna.

Kitoe tjatoer pitoetoering sepoeh.

## Singaparna.

Kana pernahna mah kawasna moal aja anoe teu oeninga Singaparna tèh, tina sakitoe katjeloezna rèh djelema-djelemana raradjin, seungkeur kana anjam-anjaman. Di pasar-pasar soemawonten dina tongtonan-tongtonan karadjinan, tangtos oerang ningali barang anjaman boeatan Singaparna, aja samak, aja dompèt, aja doedoekoej, si-

ah, kantong djeung sadjaba ti èta, lalemes araloes toer hargana maroerah. Saparantos aja karèta api ti Tasikmalaja ka Singaparana, katambah koe pangdjeudjehkeunana anoe djadi pangagoeng kaboepatèn, èta tempat beuki tambah wangi tambah kerta, ramè woewoeh matak pikabetaheun.

Tapi ..... nadjan èta tempat sakitoe kawentarna, lamoen pèk oerang nanja ka oerang dinjana, atawa ka oerang Tasikmalaja: „Naon sababna anoe matak èta tempat dingaranan atawa diseboet Singaparana?”

Kawasna rèa anoe ngoeak-ngioek, ngawalon koe walahoè alam ka anoe nanja tèh.

Èta tempat makè boga ngaran kitoe, bet kawas ngaran njelap, asa teu merenah nantangga di Soenda, da ngaran tempat anoe makè singa-singa kitoe mah koedoe baè Malajoe; ninggang lamoen teu anggung ti Singapoer tèh.

Koe margi èta tjing oerang tjoektjroek, naon margina pang lebah dinja diseboet Singaparana.

Moenggoeh di oerang, saer anoe oeninga, mèh oenggal ngaran tempat pada aja toetoeranana, aja sasakalana, aja dongèngna atawa babadna, aja anoe parantos kapendak aja anoe njaroempoet kènèh katranganana, teu atjan kagoear sadajana.

Doepi Singaparana kieu asal moeasalna:

Èta tempat tèh baheulana mah lain Singaparana ngaranna, ari anoe matak diseboet kitoe asalna tina:

„Tanah kagoengan Ki Singaparana”, nja èta tanah anoe geus dipaparinkeun koe Dipati Timbanganten ka Ki Singaparana tèa. Djadi èta tempat tèh ngaranna katehlah koe anoe kagoengan. Lila-lila tina djenengan Singaparana nja robah djadi Singaparana, tjara Djajakerta robah djadi Djaketra.

Èta katrangan anoe bieu tèh lain kirata, tapi èstoe enja kitoe, malah aja saksina, nja èta piagem Ki Singaparana, nalikanampi paparin èta tanah ti Dipati Timbanganten tèa. Kieu oengeln piagemna:

Pènget soerat piagem toeroenan saking piagem kang dingin-dingin, dening sampoen roeksak papanipoen. Wondening oenine:

Penget soerat piagem isoen Dipati Timbanganen kagadoen deuning paman SINGAPRANA, paman Singaprana soen enggonaken ing boemine ing kadja .....  
 Ki ..... Wangsadikarja Sira raksanen pontu wongatoewa Sira dewek saendakara, Sira roemaksa, kalajan sapisaune bok ana kang ngadjanam, kapindone bok ana kang mitenahi, kang ping teloené bok ana kang ngadonani.

Ikoé ta sira den ijatna adja awèh den amboeng dening wong lian ikoé sangarè pitenah, jèn si ana arepa ngambah koedoe unaksa, sira terapana poeloenganna kerisè katoer maring mgoen, ikoé ta rajat Sira wong kadja, den pada ngèstokena ing oendang ingsoen kang moeni ing soerat piagem. Kala noelis ing dina Djoemaah tanggal ping woloe woelan Sawal ing taen Alip.


Kala noeroen pijagem ing dina Djoemaah tanggal pat likoer woelan Djoemadilawal ing tahoen Alip ing tahoen 1203. Titi toelis Bagoes Djaja.

Tah kitoe oengena éta piagem tèh, anoe kapendak ti kampoeng Naga di wates distrik Singaparna sareng Mangoenredja apeling Tasikmaja.

Diseratna éta piagem dina koeningan sarta sakoemaha anoe kaoengel di dinja, jèn éta piagem tèh geus beunang njalin tina piagem asal anoe roeksak.

Disalihana; dina taen Hidjah 1203 koe Bagoes Djaja, djadi tepi ka ajeuna ti wangkid dipindahkeun kana éta koeningan parantos 140 taen.

Eta piagem koeningan koe oerang dinja dianggap kaboejoetan, dipoesti-poesti malah bédjana sok radjeun dipoendjoengpoendjoeng sagala. Oentoeng katjida karoehoen ngawaris kabiasaan anoe toemerap dina kapertjajaan saroepe kitoe, da tjabat lamoen teu aja basa kaboejoetan, moal boa éta piagem geus djadi parab djarian.



### Tjarios sepoeh.

Sepoeh: Lo, bédjana Kangdjeng Sinoehoen aja di dieu di losmen?

Nonoman: Soemoehoen, éta moelih ti Batawi, mapag poetrana anoe nembè saroeumping ti nagri téa.

S: Euh, koetan! Baris sabaraha wengi bédjana di oerangna?

N: Doeka gamparan, abdi tèh rada kirang parios, ari margina éta koe parantos teu dipianèh sapertos kapoengkoerpoengkoer ajeuna mah kasoempingan Kangdjeng Sinoehoen teh. Dina ngawitan mah anoe nongton ogè doegi ka djedjel téa di sadjalan-djaian teh, ajeuna mah.....

S: Enja, tina geus bédala alam téa. Euleuh, lamoen seug baheula kasoempingan Sinoehoen, geus tada teuing baè, tada teuing goejoerna tada teuing geundjleuhna. Tjabatkan eta baè ari dalem angkat-angkatan ka distrik-distrik, amboeng, oerang distrik tèh mam tagiwoer lain dikieuna.

N: Naha, dalem tèh tara patos angkat-angkatan, roronda ka desa-désa?

S: His, ari alo! dimana teuing baheula mah aja dalem oeprak-oeproek ka pilemboeran, tjoelangtjang-tjelengtjeng tjara dalem kiwari; baheula mah tjara gateuw dalem tèh, ngan oeloekoetek di gedong baè, njarimpi ngabadaja baè, ngawajang oewong, soekan-soekan baè oenggal poè tèh, tara makè dagdag-digdig tjakah-tjikh kitoe. Parekan djeung selir waè gerejek, pangbeberah manah.

N: Raos atoeh ari kitoe mah. Nanging sok radjeun ogè manawi sakali-kalieun mah angkat ka pakemitan?

N: Ih poegoeh, ari radjeun mah, tapi nja éta lima taen sakali ogè henteu, ngadon soekan-soekan deui kitoe so-tèh, lain liar kana damel. Eta ana rèk angkat, sirikna henteu dikerid eusi kaboepaten tèh ngiring kabèh, djeung pisaboelaneun deui kana djengkar, tjeuk anoe bohong téa mah, geus bengiber, ngabédjaan ka wadana jèn dalem rèk rawoeh. Atoeh ger goejoer di pakemitan tèh, anoe sasadian, njadiakeun keur pasoesoegoeh babakoena. Lain pakepok ngandjoek ka toko tjara kapala ajeuna, baheula mah hiboet

**mèntaan**; Wadana maréntah mènta ka tjamat, tjamat maréntah mènta ka loerah, loerah ka toea kampoeng, koe-doe njajab keur sadiaan, aja endog aja hajam aja kalapa, bèas djeung sagala baè, ka djerok djerok dipoepe ti pilemboeran tèh. Broel atoch gotongan tèbok tèh diiringkeun koe tanggroengan soeloeh, rimbil koe tjalongtjong hajam, moeroedoel ti oenggal dèsa. Tapi èta anoe di-ka-pakemitankeun tèh, geus njarah-tjalan di djalan, ting-galeun di goah loerah di katjamatan; anoe matak baheula mah ana aja ki-toe tèh moetjekil sarèrèa kapala mah. ngan somah baè anoe karorontjodan tèh. Tampolana aja toekangna anoe ngabakoe, djaba anoe bieu tèh, toekang njajab ka oenggal imah mèntaan endog, hajam, bèas, diseboetna **prijaji** Eta toekang mènta maksa tèh, oerang dajèuh atawa oerang pakemitan, tjara njokotan anoena baè èta tèh.

Kawadanaan ditetebahan tjara arèk karia baè, imah kapala anoe sèdjèn nja kitoe deui. keur tempat pangiring ti dajèuh.

Ari somahan, lian ti geus karorontjodan tèh, djeung dikeprik kana gawè ngomè djalan deui, **dialoes** saharitaeun mah djalan tèh, dibabad koetana, dilèlèmpèng, didadak dikeusik, dioekoetna diketok. malah tampolana mah koedoe disapoean. Nja kita deui papageran sakoer anoe sisi djalan mah koedoe diomèan atawa didadak diganti, pahiboet djelema tèh.

Tah, ana tepi kana waktoena dalem djengkar, mimiti **palatoek** pangheulana ni san meleteng toempak koeda ditegarkeun. nja èta anoe diadi tanda pikeun mèrè niaho ka djelema-djelema anoe baris kaliwatan koe dalem tèa. Dalem mah sapal deui palatoek mah geus ngaliwat. Djelema-djelema moenggah njotjok dina oenggal lawang tèh, pada ngahadja hajang ngahor-mat katambah hajang laladjo, ari geus lar palatoek, brek hempak kabèh darioek. bari nada ngarep-ngarep larna abroelan tèa. Ti kadiaochan geus tèmpong, pangheulana tjamat toempak koeda, beunang makè kadinesan, doedoekeuj polèt, solèmpang pas-mèn, badjoe hideung diparèt kantjing, tjara

lepas bodas ditaroèmpahan, make samping sopak lodong tjara djongos; toekangeun tjamat loerah-loerah aja doea tiloe poeloehna, kabèh dines papakèanana, badjoe hideung kantjing endog sapotong, doekoej polèt, solèmpang konèng, tjalana lepas hideung makè samping nengah ping-ping. Lebè-lebè badjoe hédjo, solempang hédjo djepit koneng, doedoekeuj polèt hédjo samping ngèdèmpèng, kabèh taroempah koeda. Karèta dalem ditarik koe koeda opat ditoempakan koe koelaèr diaping koe wadana-wadana taroempak koeda, diiring deui pandeurieunana koe tjamat-tjamat djeung loerah-loerah dangdananana tjara tadi noe ti heula tèa. Kalipah djeung Naib sok mariloe ngiring deui.

Di aloen-aloen kawadanaan geus pinoeh koe sagala roepa tatabeuhan, ronggèng sababaraha rombongan, koromong, rèntèng, ogèl, anekloeng, terebang. Anoe laldjo dje-djel, malah sakapeung mah sok aja pamaènan sagala.

Ana djol abroelan datang, brèk djelema dioek hèmpak kabèh, breng tatabeuhan ditabeuh bareng tjara anoe ngaleunggeuh. geus teu poegoeh dèngèkeuneunana, sora tatabeuhan kasawoer koe sora koeda ting haroang, ting haroang, sora petjoet lopor pating beledag ting beledog patarik-tarik.

Peutingna ger pèsta soekan-soekan sarèrèa.

Tah kitoe baheula mah.



Mènggahing adat kabiasaan sepah baheula, Njai Sri tèh dianggap pangmoeljana; dalah ajeuna agè kitoe kènèh. Koe margi kitoe, satingkah paripolah oerang dina waktos ngagarap Njai Sri tèh kedah hormat pisan, malah oelah tinggal ti djampè, margi Njai Sri tèh:

- a. Tangkal Njai Sri diangken tataning manoesa,
- c. Daoen Njai Sri diangken daginging manoesa,
- d. Gagang Njai Sri diangken gagang njawa ing manoesa,

e. Boeloe Njai Sri diangken boeloe ramboeting manoesa, sareng

f. Siki Njai Sri diangken papat kalipoe-loeh manoesa, hènteu dat ngoelon, hènteu dat ngalèr, henteu dat ngidoel, henteu dat ngètan, henteu dat loehoer, henteu dat handap, henteu dat mana-mana nja ingsoen kang "degning" manoesa". Saer sepoeh.

Èta noe disebut di loehoer ti a.d.k.f. tèh nètélakeun kitoe kaangoenganana Nji Sri. „Kitoe ngagoengkeunana sepah oerang ka andjeunna tèh”.

Biasana parè noe parantos di leuit tèh ditoetoe, èta tèh biasana tara tinggal ti djampè.

Soepados teu leungit talari karoehoen, noe parantos kaloeli-loeli koe djalma djaman kiwari, ieu di handap oerang dadarkeun pokpokanana waktoe Njai Sri dikoeah kieuh.

#### „DJAMPE NOETOE.”

Soekma kangden noetoe, soekma kangden toetoe, soekma sari moelia badan sampoerna, sampoerna koe panarima.

Saparantosna djadi bèas, èta bèas tèh mèmèh dilebetkeun kana padaringan (pabèasan) sok diwadahan kana said heula teras njioek tjai atah saeendem, pèk diteundeun (ditoempangkeun) kana bèas noe dina said tèa, kieu djampèna :

#### „DJAMPE NJIMPEN TJAI”

(djampè koemambang).

Allohoema doá Maskoemambang, ré-djéki saking Pangéran, poedji djati koed-ratoelah, berékat saking nabi, nabi Moehammad.

Saparantosna kitoe, ladjéng béas téh dilébétkéun kana djero pabèasan, kieu djampèna :

„Mangga Nji Pohatji Njimas Alanè, Njimas Moelanè, geura ngalih ka gedong manik ratna inten, abdi ngiringan. Ashadoc sahadat panata, panetep gama, ikoe kang djoeménéng Lohélapi, kang ana té-

léking ati kang ana lodjéring Allah, kang ana madép maring Allah, ikoe woedjoed salamet ing doenja, salamet ing achèrat”.

Teras dikockoesan, kieu djampa :

Ashadoc anla ila hailleloh, waashadoc auna Moehammadarrasoellah. Abdi sedja babakti ka noe seda sakti, agoeng tapa, njanggakeun sangoe poetih sapoeleukan, koekoes koening poerba hèrang, toedoch kang saseda toehoe, datang ka sang seda hèrang, tepi ka sang sèdi sakti, noe sakti neda kasaktèn, neda deugdeugan tandjeuran.

#### „DJAMPE NJIOEK BEAS.”

Assalamoe alaikoem!

Waalaikoem salam (didjawab koe oerang keneh).

Boer gajoeng manala tjipta, gèdong manik wisèsa, hèrang noe hèrang, Pohatji maja hèrang, Njai Pohatji naga pamana, Nji Pohatji naga sakti, mangka reugreug mangka pageuh.

#### „DJAMPE NJIMPEN OENDEM.”

Roep koe singoeb, rap koe sang moetiara poetih, rèt mènèng djadi sasiki. (oendèma disimpèn deui bari diteueulkeun tiloe kali, sarta oelah ngambèkan).

#### „DJAMPE NGISIKAN.”

Mangga Njimas Alanè, Njimas Moelanè geura siram, dibanjoe moe'min, di talaga kalkaosar, abdi ngiringan. (ladjéng digèsoh), kieu djampèna.

Njai Pohatji boedoegoel woeloeng, oelah djail ka babawaan kaeola. Heug! (ditèmbalan koe sorangan), tèras njampèan tjaina, kieu djampèna :

Nji Pohatji barèngan djati, oelah djail kaniaja, ka Nji Pohatji soekma djadi; „heug!” (ditèmbalan koe sorangan), nèpi ha bèrèsihna.

#### „DJAMPE MAWA BEAS TI TJAI”

Bismilah 'irohman nirrahim, mangga Nji Pohatji oerang moelih. (regedeg baè).

## „DJAMPE NJANGOE.”

Bismillah hirohman nirohim.

Mangga Lohelapi (goer nieop seuneu).

Ashadoe sahadat Patimah, Patimah Patimoerasa, sahadat nabi Patimah, Patimah Nabi Moehammad s. a. w.

### Tapa.

Kana ieu këtjap roepina geus moal aja noe bireuk deui, margi dina elmoe Soenda roepaning djadjampean sagala roepi saper tos: djampe wëdoek, kabédasan, katimboelan, tëlöeh, asihan sarëng sadjabi ti eta, tjeuk toedoehna lamoen hajang matih koe-doe ditapaän.

Ari tapa tea sanes saroepe, geura oerang tataän:

Mati gëni. Teu dahar teu leuët teu sare malah teu meunang ngomong-ngomong atjan, antek-antekna papanggih djeung djëlëma oge teu meunang, koedoe saperti djëlëma paeh bae, geuning këtjapna oge mati hartina paeh, tapi ditoengtoengan koe gëni njatana seuneu, hiroep teu naon teu naon ngan oekoer woedjoedna bae.

Aja deui mati gëni noe ngan dilarang dahar leueut sare bae ari naon-naon mah meunang.

POEASA. Nja biasa bae tjara poeasa perloe, tapi aja atoeran dina boekana, aja noe koedoe tjai woengkoel, sangoe woengkoel sarëng djabi ti eta seueur deui roepi-roepi.

MOETIH. Noe didaharna woengkoel sangoe tjeung tjai atah, salian ti eta teu meunang.

KANAAT. Teu meunang nginoem sama sakali.

MATANG POELOEH. Soegrining noe kaseboet laeok, boh laeok tjai atawa laeok darat (kajaning daging ëmbë moending s dj ti e.) dilarang ditëda.

TEU SARE. Naon-naon meunang didahar masing rek nëpi ka kamërkaän oge anging sare teu meunang.

NGALALAB. Teu meunang dahar naon-naon deui salian ti lalab djeung tjai.

NGETAN. Dilarang dahar sangoe pare biasa, gagantina nja këtan tea.

NGALONG. Tapa dina dahan (loehoer) kai. (Tapa soengsang).

NGIDANG. Mileuweungan sakoemaha lakoe kidang.

Sarëng seueur-seueur deui djabi ti eta noe kasëbat di loehoer.

Ieu hal tapa katjida dikoekeohanana koe noe palalertjaja kana djadjampean, sabab tjënah moen djampe teu ditapaän moal aja goenana tjindëkna moal pinanggih kamatihanana (hasiatna). Geuning rëmen pisan sëpoe-sëpoe njaoerkeun kieu: Koe doe daek koeroe tjileuh këntel peudjit ari hajang aja pangabisa.”

Salian ti napaän djadjampean oge, loba pisan noe ngadon tapa di pakoeboeran-pakoeboeran noe di anggap Karamat atawa di padjaratan bangsa djago-djago baheula anoe sararakti, tjënah ngalap karamat sapät maenatna noe dipëndëm di dinja, sok komo deui di pakoeboeran para Wali mah saperti Pamidjahan, Goenoeng Djati dj.s.t. malah oepami teu lepast kapoengkou mëndakan wartos di Goeha Pamidjahan aja noe tapa tëras adjal djalaran kalaparan, tah ieu hidji tawis hal tapa teu kinten dipërtjantëna koe bangsa Soenda.

Djisim koering pribados parantos sërëng mëndakan pakoeboeran di tëngah leuweung loewang-liwoeng, tjeuk tjariosna taja sanes moeng pakoeboeran ahli tapa noe tëras doegi ka maotna di dinja.

Tina bangëtna hate panasaran hojong tërang naon margina bët make aja atoeran tapa, tëras dipapaj ka para sëpah ditjoektjroek disoesoel tëpoe, manahareng teh ki toe; hidji sëpoe nërangkeunana kieu:

„Asal-moeasalna aja basa tapa, kawan-toe noe baheula djaman nagara tatjan kërta, rampog paling taja karisina, tjara ajeuna koe poelisi djeung sok rëmen pëpëranngan, gëlöet sili pahan teh itoeng didjieun kaelinan, njawa teu pati aja hargana, nja loba noe hajang liat koelit teuas toelang bedas tanaga, tina bangëting maksoed kasoeroeng koe përlöe toeloej njipta-njipta ngaroentoejkeun këtjap disoesoeroep koe lëlëm boetan soepaja ninggang basana ka noe disëdja, oepamana hajang wëdoek ,...“

hoeloe aing batoe woeloeng nja koelit beusi poerasani" saréng satérasna....; tah ketjap noe kenging mapantés kitoe teh hajang téroes djeung boektina, tina kapati-pati hajang laksana panéda hajang kaboel noe dimaksoed, oetjap eta hajang boekti népi ka njata pèrmanana karasa nitis kamatihanana, tina awahing tjéngéngna manténg ka noe dipikarép népi ka pléng poho di naon-naon, boro-boro make dahar leueut tea sare oge geus kapilali saking toehoe-toehoena ka noe dimaksoed, nja toengtoengna bakating koe ati gilig tigin goemoeloeng kitoe, panédana diidjabah samaksoedna dikaboel, nitis kamatihannana ketjapna- Ana prak teh ngawédjang djampe eta bédog seukeut ngadak-ngadak djadi lédoe alah batan moetoé nadjan pédang anggoer nambag, koelitna njata ngabeusi poersani manan teurak kalah ngéboel.

Ana katingal koe anoe lian loba noe hajang noeroetan hajang goeroe djampe wédoek, ana prak teh diwoeroek djampena koedoe bae ditéroesan koe piwoelang katé-tépan tatapana saperti anoe geus kalakonan tea, nja eta waktóe mimiti ngamaksoed népi ka dikaboelna, lilana sakitoe póé tjénah.

Ahirna toeroen-toemoeroen népi ka ajeuna, di mana aja djampena ditétpékeun kawadjiban **tatapana**.

Koemaha ari djélema djaman ajeuna? Njaho di basa tapa teu njaho harti sadjating tapa, noe matak djampe-djampe djadi koerang kamatihanana. Naha diséboet kitoe? Nja eta ngan noeroetan bae tapa, teu dahar teu sare teh koe noe ajeuna minangka didjieun patokan nomér hidjina, sédeng saénjana noe baheula mah kitoena teh lain dihadja tapi kapopohokeun koe awahing tjéngéng maksoed, djadi ari patokanana noe toelen mah nja hate tea".

Tjik mangga eta saer sépóeh kitoe teh soeroepkeun ka elmoe batoer. Asana rada ninggang, geura mangga emoetkeun sanes? Djol babasan anjar: „Asal manténg tangtoe paréng. komo kana ieu mah asa soeroep pisan. Tjik boeka boekoe elmoe deungeun, ieu bae lanan geura noe geus ilahar diparake koe baroedak ngora boekoe elmoe Sepritisme, mangga aos dina toe-

doehna! Asa taja bentenna raos djsim koering mah saréng bagbagan elmoe oerang.

Teu sadjalanna elmoe oerang saréng elmoe deungeun teh, eta ari di oerang dipatok koe tapa, ari di batoer dipapaj raratanana naon sadjatina, toer maksadna mah satali tiga oewang.

Ana kitoe djadi hate gilig panténg ka noe hidji noe matak diidjabah temahna téh lain lantaran tapa njiksa awak.

Kitoe oge teu aja salahna moenggoeh di karoehoen oerang, moal samata-mata ngadjoeroeng tapa moen teu aja sababna, meureun tjarek manahna: „Lamoen ónja manehna hajang, tanda toehoe ka noe di maksoed, tangtoe tandjakan sakitoe disorang, totonde tigin atina mikahajang hana hal eta, da kapan patokanana kaboel maksoed eta koedoe koe panana tea. Lamoen teu dibere patokan tapa kitoe tinangtoe atina gampang karatjana kasilih koe napsoe kana néténg eusi beuteung, témahna niatna moal laksana."

Dina goegoeritan aja basa kieu. (Kinanti).

Rasa dibaroeng koe wahjoe,  
titis toemetesing ati,  
ketjlakna rasa noe sirna,  
nganténg gilig tigin pasti,  
poerwa dat tjipta pangroewat,  
linakon karep awakng.

Tah kitoe paméndak djsim koering mah, tjik soegan aja deui noe sanes noe teu sapagodós, soemangga geura dadarkeun.

Ras deui kana noe tapa di pakoeboeran, madjar maneh ngalap karamat néda-néda njoehoenkeun berkah sapaat noe dikoeboer di dinja.

Tilik heula noe tapa teh saha?  
Is geuning bangsa Islam.

Tjik oerang tjoektjroek dina Agama Islam naha aja noe marentah atawa ngésahkeun kana kalakoean kitoe?

Tjik oerang boeka kitab, geuning ieu tjarek chadis: „ANNA MAN KANA QABLA KOEM KANOE, JATA CHIDOENA ALQOEBOERA MASADJIDDA FA INNI ANHA KOEM ANDZALIK. Geunig kitote tjénah tah tjeuk kitab, tjobi bae maranah oepami njieun kalakoean kitoe néda-néda ka noe geus maot sami bae saréng mänge-

ran doea, pantès jen kédah dilaramkeun, kapan ari neneda mah taja lian moeng kédah ka Goesti Noe Maha Soetji, ari ajana Goesti teh teu tébih ti diri oerang, keur naon make soedjoed soengkém kana koeboeran.

Aeh bét kalépasan njarios teh nganggo njabit-njabit kana Agama, néda ditawa-koep bae, koemaha atoe djalaran hal tapa teh lain dina elmoe poesaka Soenda bae, di deungeun ogè rèa, geuning tjénah la-moen hajang diidjabah koe Dewa teh tapa bae tangtoe hasil noe dimaksoed. Aja basa sidakep sinoekoe toenggal ninggal raga tinggal soekma.


Beh dieuna dina lalakon Oentoeng Soerapati karangan Melati van Java, geuning tjénah Soerapati teh indit ka Goenoeng Lawoe arek toemaros ka Dewa, tah toemarosna teh dina djero moedjasmaedi (tapa). tapi dina Agama Islam oge aja.

Tjik kintén-kinténna moen oerang ajeuna hojong njarios saréng Dewa disaratan koe tapa tjara noe baheula tiasa kadjadian?

Aeh kapan Soerapati oge rasiagna mah lain Dewa noe nembalan teh tapi si Kate Boeroekoedoer.

Sakitoe katérang djsim koering teh, tjik soegan aja noe sanes deui.

#### A. GANDA PRAWIRA.



#### 1. DJAMPE KAHAMPANGAN.

Tjoer gedah tjoer baédah, tjoer sadjero-ning gedah, ka heuleut-heuleutna boemi, sela-selana banjoe, boemi soetji, banjoe soeka moelja, badan sampoerna, sampoerna koe panarima.

#### 2. DJAMPE KABEURATAN.

Allahoema minal hoebsi, minal wahabaësi, aèhalah satoehoene amlindoeng, amaing Toehan, aneda pangampoera, tebena bilir, isoen arep angboeang angnadjis, heuleut-heuleutna boemi, sela selana banjoe, boemi soetji, banjoe soeka moelja, badan sampoerna koe panarima.

#### 3. DJAMPE NEDA.

Sri toendjoeng poetih, sri toendjoeng ladan, sri toendjoeng boeana sakeupeul satoenggal tineung sasiki satoenggal manah he, oelah sirik manah, noe dipoeloek soetji, noe moeloek soetji, dat poetih koe soekma sari, dat poetih koe soekma rasa, dat poetih toenggal kèrèsa.

#### 5. DJAMPE TOEROEN.

Allohoema iboe boemi, medal tapak tapakan, toeroen wawajangan ing Moehammad, birahmatika, ja arohama rohimin.

#### 6. DJAMPE OENGGAH.

Ashadoe sahadat boemi, ma ajoe malèbètan, boemi rangsak tanpa werat, lan tapakan ing Moehammad, birah matika kaja arohama rohimin.

#### 7. DJAMPE NGANDJANG.

Si Semar datang,, Si Togog poejoeh goemoejoeh, sangkan hewan sangkan mati ngaran talaga ditjai, saboelan meunang ngaherang, doea mana ngalènggang, tilèe mana goemoeloeng, opat mangroepa, lima-na oesik, genep boelan koemoeroeloh, koemoeroeloh, toedjoeh boelan djoega nata, dalapan boelan tjonggèang, noe larang malik ka handap, salapan boelan godèbag, godèbag ka mata sarè, ao tandana roepana, si Risih si Marangasih, si Rasah si Manaranewa, seuweu ratoe komo iroet, seuweu mènak satjakan sèwa dewata, komo loeloet-komo anoet, komo wèlas-komo asih ka awaking, awaking gèdjilèg sorangan.

## 8 . DJAMPE MASAMOAN.

Noe ngarioeng djiga loetoeng, noe ngarèndèng djiga monjèt, nja aing mandahna! Maceng poendoeng datang toeroe, badak galak datang dépa, galoedra di téngah imah, kakeureut kasieup koe pohatji awaking.

## 9. DJAMPE OEDOE.

Amit godong-sampoernaning godong, njot boel, njot boel, njot boel.

## 10. DJAMPE NJEUPAH.


Seureuh seuri, pinang nangtang, apoena galoget angen, gambirna pamoeket angen, bakona goelaga sari, tjoh njaj, parapat njaj, leko lenjaj, tjoetjoendoeking aing, taroek harèndong, tjoetjoendoeking aing, taroek pakoe hoerang keuna koe asihan awaking, asihan si leugeut teureup.

## 11. DJAMPE SEURI.

Si Sèmar hah- hah- hah- hah,  
Si Sèmar hih- hih- hih- hih,  
Si Sèmar anggoeliték anggoelijèng.

## 12. DJAMPE MIDANG.

Samping beureum meubeut keuneung, samping komèng meubeut tjangkèng, nga-boeskeun leungeun badjoe koedoe ti katoehoe, kèntja mah keur sawarèga.



## Wawatjan Babad Galoeh.

Pangkoer.

*Samboengan P. S. No. 7.*

82

Njai Oedjoeng sékar djingga,  
didangdanan beuteungna make kawali,  
djiga anoe reuneuh njèmploe.  
Ditjandak ka pajoenan,  
disandingkeunja hikna deukeut ka ratoe  
Kotjap, adjar, patih datang;  
geus aja pajoeneun goesti.

128

83

Ladjèng adjar teh hatoeran:  
„djisim abdi ngahatoerkeun pangabakti,  
eta roepina sakitoe”.

Ladjèng ratoe mariksa:  
„eta naon, geuning, kawas roepa da-  
[oen?”

Pok ki adjar teh hatoeran;  
„reundeu asal ti noe ngirim”.

84

„Lamoen kitoe mah pètana,  
maneh, adjar, mere sérèdan ka aing.”

Ratoe beuki tambah bèndoe.

„Maneh, adjar kawasa,  
tjing seug taksir, ari mangkena ngadjoe-  
[roe

ieu pamadjikan oerang,  
mèdal pamégét ta istri?”

85

Ratoe ngandika ka adjar:  
„ieu kasakit koe maneh teh sing leungit.  
maneh anoe njieun kitoe.”

Adjar henteu tarima,  
teu moepakat pada djalma njieun kitoe,  
wondening koedoe walaras,  
eta sagala panjakit.

87

Adjar toeloej ngawalonan;  
„noen, soemoehoen, pèrkawis pariksa  
goesti.

koemaha kèrsana ratoe,  
mènggah taksiran abdi mah,  
ari babar mangke eta Njai Oedjoeng,  
geus kantènan moal tjidra,  
poetrana eta lalaki.”

88

Ratoe, gantjang, ngabèndocan,  
„Adjar naon maneh teh, henteu sajakti,  
ajeuna koedoe dihoekoem,  
sababna hatoe dosa.  
Lain reuneuh, ènja soteh eta njèmploe,  
meunang kami ngadangdanan  
dititah ngandoeng kawali.”

*Aja samboenganana.*